



Nyika Yamwari: musha wedu

World Weekend of Prayer | 3-4 June 2023

Mumitauro mizhinji yakadudzirwa nayo Bhaibheri, mutsara wokutanga unoti, “Pakutanga Mwari.....” Nguva isati yavapo Mwari vanoti “NDIRI ZVANDIRI”

NdiMwari vanounza kurongeka pakusarongeka uye vakasika nyika yose. Vakaisa munhu panyika vakamuudza kuti achengete zvisikwa zvake achibatsirwa nomukadzi, muwirirano yewanano

Dingindira reWorld Weekend of Prayer ra2023 rinosimudzira pfungwa yokuti tinogara muzvisikwa zvaMwari: ivo vakaita kuti ive musha wedu wakanaka kuti tiutarire

Imba yakanaka umo isu tine basa rekushanda pamwe chete kuunza nyaradzo, chengetedzo uye rudo kuvana venguva ino uye chizvarwa chichauya.

Ngatiite minamoto yedu yegore rino tirumbidze humhizha hwaMwari, nezvavakaita kuchengeta zvisikwa nezvose vakaita pamwe chete kuchengeta vana vanotambudzika nokuda kwekuora kwezvakasikwa naMwari zvinoshanda nokuonekwa kuburikidza nezvatinonzwa

Nokuti zvisikwa zvinotarisisa zvikuru zvichimirira kuratidzwa kwavanakomana vaMwari. (VaRoma 8:10)

Shoko kubva kuna Phil Green, Mutungamiri weViva

Ndichangobva kutanga kushanda neViva munaZvita 2022, ndinofara kuparura World Weekend of Prayer yegore rino. Inoratidza chido changu chekukurudzira vana kutitungamira parumbidzo nokunamata



“Jehovha Mwari wangu. Inzwai kudandizira nomunyengetero uri kuitwa nomuranda wenyu pamberi penyu nhasi” (1 Madzimambo 8:28)

Mugore ra2022, vaduku nevakuru vanosvika 800,000 munyika dzinokwana makumi maviri namashanu (25) vakabatirana mukunamata pa World Weekend of Prayer. Ndirikutarisira nechididokwa-dokwa chikuru kuti muna Chikumi wa2023 vana vazhinji varumbidze Mwari neumhizha hwavo uye vanamate kuti tikunde zvinetswa zvatinosangana nazvo: “Jesu wakapindura akati; zvisingagoneki kuvanhu naMwari zvinogoneka” (Ruka 18:27)

MWENJE UNOPATSANURWA KUBVA MURIMA

VERENGA: Mavambo 1:1-5

KURUMBIDZA KWEZVISIKWA: Mwari vanounza kurongeka pasina, vanounza mwenje panerima

CHENGETEDZA ZVISIKWA: Nzira dzisingaperi dzemagetsi

KUCHENGETEDZA VANA PAMWECHETE:

“Ndichakukudzai, Mwari wangu Mambo; ndicharumbidza zita renyu nokusingaperi-peri. Ndichakurumbidzai mazuva ose, uye ndichakudza zita renyu nokusingaperiperi” Mapisarema 145:1-2)

ZVOKUITA: Enda padzitiro rinoti, <https://youtu.be/EegzzyLlnZQ>, uchitevedzera zviripo, gadzira nyika yaungada kuona



KUPATSANURWA KWEMVURA NEDENGA

VERENGA: Mavambo 1:6-8

KURUMBIDZA MWARI NOKUDA KWAZVAAKASIKA: Makore anonza mvura

CHENGETA ZVISIKWA: Shandisa mvura zvakanaka kubva mumadhamu, zvokudiridzira, nemapombi

CHENGETEDZAI VANA PAMWE CHETE: Mvura yakachena yokunwa kuvanhu vose

MAPISAREMA 145:3-5 “Jehovha mukuru uye akafanira kurumbidzwa; ukuru hwake hahunganzverwi nomunhu. Rumwe rudzi rucharumbidza mabasa enyu kuno rumwe; vachareva zvamabasa enyu esimba. Vachataura nezvokunaka kwokubwinya kwoumambo hwenyu, uye ndichafungisisa pamusoro pemabasa enyu anoshamisa”

ZVOKUITA: Gadzira manzwi anotsanangura kunaka kwezvisikwa zvaMwari. Wana paunotora mvura inonaya woona yakawanda sei.

NZIMBO INE MITI, MICHERO NEZVOSE ZVINOMERA

VERENGA: Mavambo 1:9-13

KURUMBIDZA MWARI NOKUDA KWAZVAAKASIKA: Michero nezvirimwa zvokudya Makomo neninga dzokugara

MAPISAREMA 145:6-8 “Vanhu vachataura nezvesimba ramabasa enyu anotyisa, uye ndichaparidza mabasa enyu makuru. Vachapemberera kuwanda kwokunaka kwenyu, uye vachaimba nomufaro pamusoro pokururama kwenyu. Jehovha ane nyasha uye ane tsitsi, anononoka kutsamwa uye azere norudo.

ZVOKUITA: Dyara mhodzi – rima zvirimwa. Wana sango raunafamba uchiyevawo zvisikwa – mbundikira muti



ZUVA, USIKU, ZUVA, MWEDZI NENYEREDZI

Zuva 4

VERENGA: Mavambo 1:14-19

KURUMBIDZA MWARI NOKUDA KWAZVAAKASIKA:

zuva nemwaka. Tenda nezvinoita kuti nyika yose irambe iri pamwe

CHENGETEDZA ZVISIKWA: Kuderedzwa kwezvinoitwa navanhu zvinokanganisa mamiriro ekunze. Ngakusave nokutonhoresa kana kupisisa

CHENGETEDZAI VANA PAMWE: Rubatsiro rwevana nemhuri dzakawirwa nematambidziko nokuda kwemamiriro ekunze: moto, nzara nemafamu

MAPISAREMA 145: Jehovha akanaka kuna vose; uye ane nyasha pamusoro pezvose zvaakaita. Zvose zvamakaita zvichakurumbidzai, imi Jehovha; vatsvene venyu vachakukudzai. Vachataura nezvokubwinya kwoumambo hwenyu, uye **vachataura nezvesimba renyu, kuitira kuti vanhu vose vazive nezvamabasa**

enyu makuru, nokunaka kwokubwinya kwoumambo hwenyu.

ZVOKUITA: Wana sango raungafamba uone mamiriro ekunze, mwedzi nenyeredzi. Wana zvaungaita kuderedza mafamu munharaunda yako.



HOVE NESHIRI – NGAZVIBEREKANE

Zuva 5

VERENGA: Mavambo 1:20-23

KURUMBIDZA MWARI NOKUDA

KWAZVAAKASIKA: Runako rwehove neshiri.

Kubatirana kwezvakasikwa mukurarama. Kupa kwaMwari zvokudya.

CHENGETAI ZVISIKWA: Kuchengetedzwa kwehove kuti dzisapedzwa. Kushandisa nzira dzokurima dzinoita hove zvisapera sokuchengeta huku dzenyama, nedzemazai

CHENGETAI VANA PAMWE: Mhuri dzose ngazviwane zvokudya zvne utano. Kuchengetedzwa kwevana kubva muzvirere zvinokonzereswa nezvokudya

MAPISAREMA 145:13-15: Umambo hwenyu umambo hwokusingaperi, uye ushe hwenyu hunogara kusvikira kumarudzi ose. Jehovha akatendeka pavimbiso dzake dzose, uye ane rudo kuzvinhu zvose zvaakaita. Jehovha anotsigira vose vanowa, uye anosimudza vose vakakotamiswa pasi. Meso avose anotarira kwamuri, uye munovapa zvokudya zvavo nenguva yakafanira.

ZVOKUITA: Wana kwaungafamba kuti uone shiri. Nhonga marara – wana nzira dzokuderedza ma”plastics” munzizi nenyanza. Gadzirai zvokudya zvine utano modya pamwe.



ZVISIKWA ZVOSE, MHUKA DZINOCHENGETWA PAMUSHA NEVANHU

Zuva 6

VERENGA: Mavambo 1:24-31


KURUMBIDZA MWARI NOKUDA KWAZVAAKASIKA: zvisikwa zvinofamba panyika. Namatira wanano kuti varume nevakadzi vagare nevana vavo mumhuri dzavo

CHENGETEDZA ZVAKASIKWA: Njere dzokuita kuwanda kwevanhu nezvisikwa zviripo zvikwanirane

CHENGETA VANA PAMWE: Ruchengetedzo rwewanano kuti dzive nerudo, kuchengetana nokuyanana. Vana vari mumhuri kuti vachengetedzwe nokurerwa

MAPISAREMA 145:16-19: Munozarura ruoko rwenyu, uye munogutsa zvisikwa zvipenyu zvose nezvazvinoda. Jehovha akarurama panzira dzake dzose, uye ane rudo kuzvinhu zvose zvaakaita. Jehovha ari pedyo navose vanodana kwaari, kuna vose vanodana kwaari muchokwadi. Anozadzisa zvido zvaavo vanomutya; anonzwa kuchema kwavo uye anovaponesa.

ZVOKUITA: Tambai mutambo wokudaizira mazita emhuka kubva kunaA-Z. Isa ruoko rwako muingi modhinda maoko enyu papepa achiratidza kunaka nokusiyana kwawo. Gadzira pokurasa marara zvakanaka kuti agadzire Mayowa anozoshandisika.



ZUVA REKUZORORA

Zuva 7

VERENGA: Mavambo 2:1-3

KURUMBIDZA MWARI NOKUDA KWAZVAAKASIKA: Hurongwa hwaMwari hwekuita zuva rimwe pavhiki rokuzorora Nokunamata

CHENGETEDZA ZVAKASIKWA: Kuzvichengetedza, zvatinoita nguva nenguva uye kuwana mukana wokuzorora nokutamba tisingashandi

CHENGETA VANA PAMWE: Vana vari mumaguta vanowana mukana wokuva nemhuri dzavo vachiwana nzimbo dzokutandarira dzine miti dzakakwana

MAPISAREMA 145:16-19: Jehovha anochengeta vose vanomuda, asi achaparadza vakaipa vose. Muromo wangu uchataura kurumbidzwa kwaJehovha. Zvisikwa zvose ngazvirumbidze zita rake dzvene nokusingaperi-peri.



NAMATA NESU

1. MWARI VANOSIKA NYIKA

Tinotenda Mwari nechaedza masikati neusiku. Ndinotenda Mwari nechaedza chandinacho mumhuri yangu. Ndinotenda Mwari nechipo chemvura inonaya pasi. Ndinokumbira mutumire kune avo vanoidisa Mwari Musiki wazvose, muri samasimba ose. Ndinotenda kuti makasika nyika neni.




2. MHURI DZEDU DZINOPATSANURWA

Makasika nyika yakanaka. Makasika zvose zvakanakisisa. Takakanganisa nyika yenyu nekusagona kuchengeta kwedu pamwe noudyire. Mwari tiregererei! Mwari Musiki, makati tichengete makungwa asi takamasivibisa. Tiregererei nokusagona kwedu pamwe nokusaziva




3. JESU VANOVAKA PATSVA

Mwari Ishe, makatipa pfungwa dzokugadzisa matambudziko nokuita zvinoshamisa. Ndibatsirei ndigadzire nzvimbo dzokuzororera dzine miti, maruva nezvimwe zvakanaka. Mwari vanorarama, ndigonesei kugona kutanga zvinhu zvakanaka semi. Ndigonesei kugadzira pokugara pezvakanakana nokugona kurasa zvakanaka zvisisadiwi.



4. NYIKA YAMWARI, POKUGARA PEDU PAKANAKA

Mwari Musiki wezvose, ndinotenda nokuuya kwenyu pasi mukawanazve, ndakanga ndatiza pamuri nenzira dzenyu. Ndinotenda Jesu kuti mune simba nezvisikwa zvose kunyangwe makatisiya sevatariri vezvisikwa zvenyu. Ndogonesei kuva mutariri wakanaka.



Minyengetero inobva kune zvinyorwa, 'Stewarding our world,' by Miriam Friday/Viva/CRANE ku Uganda.

Artwork by: Vansh (13) India - day 1; Musinguzi (6), Uganda - day 2; Annalie (10) Germany - day 3; Jatin (16) India - day 4; Isabel (9) Cuba - day 5; Evie (12) UK - day 6.

The World Weekend of Prayer chironzwa chepasi rose chinotwa mukupera kwesvondo rekutanga kwaChikumi gore rega rega, chichibatanidza mazana ezviuru zvevakuru nevana pasi rose. Yakarongwa neViva, sangano rinopa rubatsiro rakatsaurirwa kushandura hupenyu hwevana vakawanda kuti vazadzise kugona kwavo kwavakapiwa naMwari mumambure makumi mana nemaviri pasi rose. Tsvaga zvimwe pa www.viva.org

Registered charity no 1053389

viva
together for children